

# Dwa ou anba Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay

KONSÈY NASYONAL RELASYON TRAVAY

## Anplwaye yo gen dwa pou reyini pou amelyore kondisyon travay yo—avèk oswa san yon sendika.

### Aktivite angwoup gen pwoteksyon

- Pou pale youn avèk lòt konsènan pwoblèm ki asosye avèk travay la tankou salè, kantite èdtan travay, sekirite oswa tretman enjis
- Pou pote plent konsènan afè ki asosye avèk travay la ba yon sipèvizè, ajans gouvènman, oswa nenpòt lòt moun

### Aktivite yon Moun ap fè kapab pwoteje

- Pou entèvni pou lòt anplwaye yo
- Pou eseye fè lòt anplwaye yo kwè li bon anpil pou yo reyini pou amelyore espas travay la
- Pou depoze yon akizasyon avèk NLRB

### Aktivite sendika gen pwoteksyon

- Pou eksprime sipò pou yon sendika nan espas travay la
- Pou ede yon sendika òganize travayè yo
- Pou refize sipòte yon sendika

**Si pou egzèse dwa ou anba NLRA, patwon ou pa kapab**

- Revoke oswa retwograde ou
- Redui salè ou, kantite èdtan travay ou, oswa avantaj ou yo
- Fè djòb ou vin pi difisil oswa dezagreyab pou Menase ou
- Kesyone ou sou aksyon ou yo nan tèt ansanm oswa sou aksyon sendika ou
- Espyone aksyon nan tèt ansanm ou oswa aksyon sendika ou

**Sui ou panse ou te viktim nan diskriminasyon poutèt ou egzèse dwa ou anba NLRA, oswa si ou vle jwenn plis enfòmasyon, kontakte nou. Koutfil ou gratis ak konfidansyèl**

Nimewo biwo nasyonal1-844-762-6572

Jwenn biwo lokal ou sou sitwèb bit.ly/nlrboffices

Depoze yon akizasyon bit.ly/FileACharge

nlrb.gov | @NLRBGC | @NLRBGC | @NLRB_GC | publicinfo@nlrb.gov







# Kimoun ki pwoteje avèk Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay?

## Pifò anplwaye sektè prive a pwoteje, ki gen ladan yo:

- "travayè manyèl" tankou moun ki travay nan faktori, konstwiksyon, ak antretyen.
- "kòl blan yo" tankou jounalis, travayè òganizasyon non-komèsyal, ak travayè teknoloji yo.
- Moun ki travay nan restoran, otèl, swen sante ak magazen detayan.

**Travayè yo pwoteje kit yo gen papye imigrasyon kit yo pa gen papye imigrasyon ki pèmèt yo travay nan Etazini.**

Eskane pou telechaje aplikasyon mobil nou

nlrb.gov
@NLRBGC
@NLRBGC
@NLRB_GC
publicinfo@nlrb.gov